



Manicaland HIV STD Prevention Project

Epidemic Status Report 2010

Biomedical Research & Training Institute, 4th Floor, Nicoz Diamond House, Samora Machel Avenue, P.A. Box CY 1753, Harare, Zimbabwe Tel: 04735000/02 & Stand 188, Mutasa D.C., P.O. Box Hauna 3449, Zimbabwe, Tel: 0228 2230.

NYABADZA NENZVIMBO DZAKAPOTEREDZA

MUSORO

Ongororo yakutanga yeManicaland HIV/STD Prevention Project yakaitwa muna Chikunguru mugore ra 1998 kusvika muna Ndira wa2000. Ongororo inoteverera iyi yakaitwa muna Chikunguru wa2001 kusvika muna Ndira wa2003 zvakare imwe ongororo yakaitwa kubva muna Nyamavhuvhu wa2003 kusvika muna Nyamavhuvhu wa2005, ongororo yechina yakazoitwa kubva muna Nyamavhuvhu wa2006 kusvika muna Mbudzi wa2008. Gwaro iri rinofananidza dudziro huru dzakabuda munharaunda muno maererano nekubatirwa kweutachiwana hweHIV nezvimwe zvirwere zvinowanikwa mukusangana pabonde, ruzivo pamusoro pehutachiwana hweHIV nezvimwe zvirwere zvepabonde uye kurarama muhutano hwakanaka kubva paongororo yakutanga nedzimwe ongororo dzakaitwa mumashure, Pakati peongororo yakutanga neyechipiri pakawedzererwa imwe mibvunzo yezvekurapwa nekuongororwa kwehutachiwana hwe HIV. Tarisai mukati nekuseri kwepepa rino kuti muzive zvakawanda.

NZVIMBO DZAKAITWA ONGORORO

Ongororo munharaunda ino yakaitwa muNyabadza kusanganisira Baradzanwa, Chihomova, Chitsanza, Chiuya, Jukuchuku, Kamba, Makoni, Mataga, Muomwe, Bwanya, Chirimutsitu, Mandibaya, Muchichwa, Mujuwapasi, Mutenure, Nyandowe, Bloom of Extension, Bunzve, Chuteka, Chitsike, Madziwa, Magaya, Manhangari B, Mawango, Mufandaedza, Mukumba, Nyanhangare, Nyakwima, Nyamutswa, Sweet Waters, Tsandukwa, Upper Rusape, Village 40, Village A, Village B, Village C, Village D, Village E, Village O, Zindi, Dzinemurumbi neTsanza. Muongororo yakutanga vanhu vakuru vanosvika 823 vakapinda muchirongwa. Muongororo yakatevera vanhu vakuru vanosvika 596 vakapinda muchirongwa uye muongororo yakazotevera vanhu vakuru 1,281 vakapinda muchirongwa. Muongororo yechina makapinda vanhu vakuru vanosvika 959 muchirongwa.

DUDZIRO DZAKAKOSHA DZEONGORORO

- Zvikamu gumi nerimwe kubva muzana (11%) zvevarume pamwe nezikamu gumi nepfumbamwe kubva muzana (19%) zvevakadzi vane utachiwana hweHIV parizvino
- Huwandum hwevarume nevakadzi vane hutachiwana hweHIV hwaderera kubva muongororo yakutanga nedzimwe dzakazotevera mushure. Kunyangwe zvazvo huwandum hwevanhu vaneHIV hwakaderera vanhu vane hutachiona vachakawanda.
- Vanhu vazhinji vava neruzivo rwokuti zvirwere zvepabonde zvinowedzera mikana yokubatira hutachiwana hweHIV, asi vanhu vashoma vari kuenda kundorapwa zvirwere zvepabonde muzvipatara nemumakiriniki.
- Chikamu chevarume chakawanda chakaratidza kuti chava kushandisa makondomu nguva dzose dzavanosangana pabonde neshamwari dzisiri dzemazuva ose kubva paongororo yekupedzisira. Chikamu chevanhukadzi chaiseenzesa makondomu nguva dzose dzavanosangana pabonde neshamwari dzisiri dzemazuva ose kubva paongororo yekupedzisira chadzikira.
- Vanhu vakawanda havazivi kuti havasi vana vose vanozvarwa naanaamai vane hutachiwana hweHIV, vanozvarwa vaine hutachiwana.
- Chikamu chevarume chakaratidza kuva neshamwari dzepabonde dzinodarika imwe mugore rapera chaderera, asi vanhukadzi vakataridza kuva neshamwari dzepabonde dzinopfura imwe chete mugore rapera vawedzera kubva muongororo yechina.
- Rusaruro kuvanhu vane HIV/AIDS rwuri kuderera uyezve vanhu vakawanda vakati vane chido chekuchengeta hama inenge yarwara neAIDS.
- Huwandum hwevanhu vairatidza kugutsikana nehurongwa hwemarapirwo ezvirwerwe zvepabonde muzvipatara nemumakiriniki kubva muongororo yepfura hwaderera.
- Huwandi hwevakadzi vari kunoongororwa hutachiona hweHIV hwawedzera zvikuru, asi huwandum hwevanhurume varikuongororwa hutachiona hweHIV hwawedzera zvishoma.
- Vanhu vazhinji vachiri kutaridza kuti havazivi kuti kune mishonga inokwanisa kuderedza huwandum hweutachiwana hweHIV mumuviri.